



Vi Jeneral sou Pwojè a

Depatman Transpò Connecticut la (Connecticut Department of Transportation) ap fè yon etid Planifikasyon ak Entèraksyon avèk Anviwònman (Planning and Environment Linkages, PEL) pou analize fason pou amelyore transpò nan koridò I-95 la soti nan fwontyè eta (State Line) New York la rive nan Soti (Exit) 7 la nan Stamford. Etid PEL I-95 Greenwich la pral evalye done demografik yo, resous anviwònman an ofri, sekirite, sikilasyon, ak kondisyon wout yo ak pon yo nan zòn etid la. Etid la nesesè pou analize kijan koridò a fonksyone ak kijan li ta ka amelyore pou pi byen sèvi kominote ki antoure li yo.

Konsiderasyon k ap Fèt nan Kad Etid la



Transpò ak sekirite sou I-95 ak U.S. Route 1



Amelyorasyon ki nesesè pou diferan mwayen transpò (transpò piblik, bekàn, ak pyeton)



Pwoblèm anviwònman, tankou bwi ak lòt efè posib sou resous natirèl, istorik, ak kominotè yo

Kisa pwodui final etid PEL la ap ye?

Yon rapò konplè ki fè rezime tout konklizyon etid PEL La. Rapò final la pral dekri objektif preliminè a ak nesesite pou envestisman nan domèn transpò nan koridò a, l ap defini yon vizyon pou zòn etid la, epi l ap rekòmande solisyon ki vize amelyorasyon sekirite ak fasilité deplasman andedan koridò a pou plis evalyasyon pandan faz egzamen federal efè sou anviwònman an (NEPA). Rapò a pral pran an kont bezwen kominote a, plan pou prezèvasyon ak devlòpman onivo lokal, ak opinyon piblik la ak ajans yo.

Orè Pwojè a

Jen
2023

2024

2025

Desanm
2025



Kolekte ak Analize Done



Identife Pwoblèm Transpò yo



Elabore Kritè Evalyasyon yo



Identife Lòt Chwa Rezonab



Redige Objektif ak Bezwen Preliminè yo



Elabore Konsèp pou Amelyorasyon



Dokiman,
Etid PEL Final la



Piblik la ap Patisipe Pandan Tout Pwosesis la



Zòn Etid la



I-95 nan Greenwich

I-95 nan Greenwich se youn nan wout ki gen plis sikilasyon nan eta a, li gen plis pase 135,000 machin ki pase sou li chak jou. Li travèse plizyè katye epi li paralè ak ray Metro North la pandan pifò chimen li fè a nan Greenwich. U.S. Route 1, ki chita onò I-95, se yon lòt wout moun itilize anpil pou evite blokis. Zòn etid la gen ladan l ni I-95 ni Route 1 epi li pral pran an kont bezwen nan zafè fasilitè deplasman tout itilizatè yo, ke se veyikil a motè, pyeton, sikkis, oswa pasaje transpò publik.

Sou ki amelyorasyon n ap reflechi?

Nan moman an, nou vle tande ou pou pi byen konprann pwoblèm transpò yo nan koridò sa a ak kalite solisyon ou ta renmen wè pou rezoud pwoblèm sa yo. Nou pokò idantifye okenn konsèp. Nou pral elabore yon evantay konsèp amelyorasyon, oswa solisyon, ki posib, epi n ap prezante yo nan asanble publik nou pral fè yo pou resevwa kòmantè sou yo. Pwosesis etid PEL la sipoze idantifye ak evalye yon gran evantay konsèp amelyorasyon pou rive a yon evantay rezonab chwa nou ka pote nan faz NEPA a nan plis pase yon pwojè, sou yon seri amelyorasyon pa faz.

Patisipe!

Ale sou sit entènèt nou an pou konnen kijan ou va vini nan asanble yo, patisipe nan aktivite yo, enskri pou alèt sou pwojè, epi patisipe nan etid la.



www.i95Greenwich.com

info@i95Greenwich.com

(203) 806-0804

@i95Greenwich

